# БАРЛЫҚТЫҢ ЛИРИКАЛЫҚ КӨРИНИСИНДЕ ТИЛЛИК ТУЛҒА МӘСЕЛЕСИ

**Айдос Мухаммадияров**
*НМПИ докторанты*

**DOI**
https://doi.org/10.5281/zenodo.14238699

Тиллик тулға (языковая личность) - лингвомәдений жөнелисте тийкарғы компонентлердиң бири, өйткени, тил ҳәм мәденият байланысын үйрениўде олар ортасындағы жасырын есиклерди таўып бериўши «айна». Тил ийеси көркем текстте адамлар менен социал қатнасқа (коммуникацияға) түсе отырып, ҳәр түрли турмыс ўақыяларын бастан кеширеди, бунда емоциялар, ышки ҳәм сыртқы кеширмелер, психологиялық ҳалат тил эталоны арқалы сәўлеленеди, тил тасыўшының «прототип»ин салып береди.

«Тиллик тулға» термини биринши рет 1927-жылы немис лингвисти Й.Л.Вайсгербердиң «Ана тили ҳәм руўх қәлиплесиўи» атлы китабында пайда болған. Тилди түсиниўде ол коллективизмге айрықша дыққат қаратқан. Оның баянлаўынша, тил – улыўмаинсаный мәдений мийрас, өйткени ҳешким тилде тек өзиниң тиллик тулғасына байланыслы сөйлемейди, керисинше, адам белгили бир тил қәўиминен келип шығып сөйлейди.[1] Уси күнге дейин тиллик тулға ҳәр түрли көз қараста талқыланған. Мысалы, С.Г.Воркачев[2] этносемантикалық тулға сыпатында, В.П.Нерознак[3] полилектикалық ҳәм идиолектлик тулға сыпатында, Л.Н.Синельникова «дискурсивлик тулға»[4] сыпатында, ал Ю.Н.Караулов[5] тиллик тулға сыпатында изертлейди.

Инсан тулғасы бир қатар илимлерде, әсиресе, философия, социология, антропология, психологияда тереӊ үйрениледи, ал бул тиллик тулға сыпатында тилтаныў илиминде көринеди ҳәм поэтик қатарларда да ҳәр қыйлы «мен» формасына ийе. Бул жерде тиллик тулға туўралы еки тўрли қарсылас пикирлер жүзеге келеди. Янь Каи пикиринше, ҳәзирги илимий парадигмада адам тулғасы

---

[1] https://ru.wikipedia.org/wiki/Языковая_личность.
[2] Воркачев, С. Г. Безразличие как этносемантическая характеристика личности: опыт сопоставительной паремиологии / С. Г. Воркачев. - М., 1997. - С. 115. (115-124)
[3] Нерознак В.П. Лингвистическая персонология: копределению статуса дисциплины // Язык. Поэтика. Перевод. Сб. науч. тр. М.: Московский государственный лингвистический университет, 1996.С.114 (112-116)
[4] Синельникова Л. Н. Концепт «дискурсивная личность»: междисциплинарная параметризация // Электронный научно-образовательный журнал ВГСПУ «Грани познания». №1(21). Февраль 2013 ■ www.grani.vspu.ru. - С.42-44.
[5] Караулов Ю. Н. Русский язык и языковая личность. Изд. 7-е. — М.: Издательство ЛКИ, 2010. —264 с.

ҳәр түрли формада усынылған көп қырлы, сан әлўан ҳәм көп дәрежели қубылыс ретинде сыпатланады: мен физикалық, мен социаль, интеллектуальман, идеальман, эмоциональман, материалман, биологиялық, мен аўызшаман және т.б.[6] Ал Ю.Н.Караулов пикиринше, тиллик тулғаның лингводидактикалық көриниси еки жерден парықланады. Биріншиден, тиллик тулға бул жағдайда homo loquens сыпатында пайда болады, ал тилдиң өзин адамның қәсийети ретинде пайдаланыў мүмкинлиги (homo sapiens түри)….Екиншиден, тиллик тулғаның генезисине нәзер аўдара отырып, таллаўдан гөре синтезге артықшалық береди, бул ретте көркем әдебият тилин изертлеў тиллик тулғаны таллаўға амплитудалық мүмкинликлер береди.[7] Бул жерде homo loquen тиллик тулғаның өзи, яғный тил бирликери ҳәм тил системалары арқалы жүзеге шығатуғын түсиник. Сондай-ақ, «тиллик тулға — тил (текст) және де тил арқалы айтылатуғын тулға, ол өзиниң негизги өзгешеликлеринде лингвистикалық қураллар негизинде қайта жаңғыртылған тулға»»[8] В.В.Красныхқа қарасақ, бул түсиникти инсанның сөйлем процесси менен байланыстырады; сөйлеў ис-ҳәрекетинде өзин танытатуғын, белгили бир билим менен ислеп шығарыў өлшемине ийе адам.[9] Бул дефиницияны В.И.Карасик былайынша мақуллап өткен: Байланыс контекстиндеги тиллик тулға коммуникативлик тулға саналады — мәдений-лингвистикалық ҳәм коммуникативлик-белсендилик образын, билимин, көзқараслары ҳәм минез-қулқ реакцияларын тасыўшы улыўмалық сәўле сыпатында қарастырыўға болады. Коммуникативлик тулғадан усы уғымның мәнисин, таныў ҳәм минез-қулық жағдайларын ажыратуға болады.[10] Бундай тәрийп бериў арқалы кеңирек тусиник пайда болғандай, яғный В.В.Красных тек сөйлеўде пайда болатығын қубылыс деп келтиреди, Ал В.И.Карасик тиллик тулғаны сөйлеў процессинде пайда болған өнимнен реакцияға дейинги басқышты қамтыған ҳалда анықластырады.

Ю.Н.Караулов тиллик тулғанын 3 дәрежели моделин жаратқан: Биринши дәреже — күнделикли тилди меңгериў дәрежесин көрсететуғын ауызша-

---

[6] Янь К. Понятие «языковая личность» в лингвистических и экстралингвистических исследованиях // МИР НАУКИ, КУЛЬТУРЫ, ОБРАЗОВАНИЯ. № 1 (80) 2020. ISSN 1991-5497

[7] Караулов Ю.Н. Русский язык и языковая личность. М.: Наука, 1987.С.29. (264 с).

[8] Сонда с.38

[9] Красных В.В. Этнопсихолингвистика и лингвокультурология: Курс лекций. — М.: — М.: ИТДГК «Гнозис», 2002. — С 22. (284 с.)

[10] Карасик В.И. К 21 Языковой круг: личность, концепты, дискурс. – Волгоград: Перемена, 2002. –С.19 (477 с.)

семантикалық (семантикалық-структуралық, инвариантлы). Екинши билиў — таныў, онда жәмийетке тән билимлер менен идеялар (тиллик тулға) тамырластырылып анықланады, олар улыўмалық ҳәм жеке билиў кеңислигин қурайды. Бул дәреже жеке адам дүньясының лингвистикалық үлгисин, оның дезаврын, мәдениятын геўделендириўди болжайды. Үшинши – ең жоқарғы дәреже – прагматикалық. Ол лингвистикалық тулғаның раўажланыўына жетелейтуғын мотивлер ҳәм мақсетлерди анықлау менен сыпатлаўды қамтыйды. Биринши дәреже В.В.Красных пикири менен дерлик бир мазмунды береди.[11]

Рус илимпазы В.А.Маслова берген анықлама бизиң изертлеў жумысымыз мазмунына дәл түсетуғындай: «тиллик тулға тил менен шағылысқан мәдeният кеңислигинде, социаллық сана формаларында ҳәр түрли дәрежеде (илимий, күнделикли, т.б.), минез-қулық стереотиплери ҳәм нормаларында, материаллық мәдeният объектлеринде, т.б. бар.»[12]

Жуўмақлап айтқанда, барлықтың лирикалық көринисин сәўлелендириўде тиллик тулға лирикадағы бар қәсийет, эмоция ҳәм сезимлер ийеси сыпатында айрықша фонға алып шығылады[13]. Тиллик тулға a)homo loquensлар сыпатында пайда болады, b) синтезге көбирек итибар береди, c)тиллик тулға коммуникативлик тулға болып та хызмет атақарады, d) аўызша-семантикалық e) улыўмалық ҳәм жеке билиў кеңислигин қурайды, f) және ол прагматикалық тусиник есапланады.

---

[11] Маслова В. А. М. Лингвокультурология: Учеб. пособие для студ. высш. учеб, заведений. — М.: Издательский центр «Академия», 2001. —С.92 (208с.)

[12] Сонда С.93.

[13] Utebaevna T. A., Farxadovna M. D. SOME WAYS OF ASSESSING STUDENTS’LANGUAGE SKILLS //quality of teacher education under modern challenges. – 2023. – Т. 1. – №. 1. – С. 410-413.